**ÆНАМОНД АДÆЙМАГ ТЕУАБÆЛ КУ БАДА, УÆДДÆР ИН Æ КЪÆХТÆМÆ КУЙТÆ ЛÆБОРУНЦÆ!..**



*АЛЬ-МУТАНАББИ (915-965), араббаг поэт: «Нæ зæнхæбæл хуарзæй ести ку агорай, уæд берæ фудæбæнтти фæсте балæдæрдзæнæ: нæ си фагæ кæнуй æхсаргин æма ездон адæм...» Уæдта ма загъта: «Адæм сæ айèеппитæ, сæ галеу миутæ зæнхæн ку раттиуонцæ, æма ин хуарзæнхитæ, æ фарнæ ку райсиуонцæ, уæд, баруагæс уи уæд, бустæги æндæр æгъдæуттæ æма фæткитæ фæззиннидæ царди...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№13 (885) 2023 анзи 14 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# ФАРНÆХÆССÆГ

*Кæддæр, дан, еу лæхъуæн балций цудæй æма æ мади фæрсуй:*

*– Нади харзæн мæ хæццæ ци хæссон?*

*– Дæ фиди ном, дæ фиди фарнæ, – адтæй мади дзуапп.*

*Æма бæлццон балций æ фиди ном, æ фиди фарни хæццæ ранæхстæр æй. Кумæдæриддæр бафтуйидæ, алли рауæн дæр ибæл æмбалдæнцæ æхцæуæнæй...*

*Нæ зонун, Боллоти Таймораз аци таурæхъ ескæд фегъуста æви нæ, фал мин федарæй æнæсеккаг ба е æй, æма ин фидтæлти фарнæ алкæддæр агъазгæнæг адтæй. Гъо, кæмидæрти идард, архайгæ ин кæми рауадæй, уоми Боллоти муггаги цардвæндаги хабæрттæ кæцæй зудтайуонцæ, фал сæ Таймораз æхуæдæг ба бæлвурдæй куд нæ зудтайдæ, сæрустур си куд нæ адтайдæ æма сæ фæццитгиндæр кæнунмæ куд нæ бæлдтайдæ. Æма ин, уæхуæдтæ ’й уинетæ, æнтæсгæ дæр бакодта, уæдта ин нерæнгæ дæр ма æнтæсуй.*

*Ци агъазиау æскъуæлхтдзийнæдтæй зундгонд æй Боллой-фурт айдагъ Уæрæсей нæ, фал фæсарæнти дæр берæ рауæнти, уони хæццæ ба зæгъун гъæуй æ еу лæгдзийнади тухххæй. Уæлиауæй-уæлиаудæр æнтæстдзийнæдти бæрзæндтæмæ исхъæрттæй, æ райгурæн зæнхæй нæ фæццох æй, хумæтæг зæнхон æхцулæй æновуд æй, æ карни над кæцæй райдæдта, æ еци фидиуæзæг, ауодуй ци гæнæн æма амал ес, уомæй архайуй хуæрзти ин бацæунбæл. Æ еци лæгигъæдæ дæр æ уоди æма зундирахасти, махмæ гæсгæ æй æ фидтæлтæй, æ ниййергутæй рахæсгæ. Æма Таймораги тухххæй дзоргæй, алцæй разæй дæр уони куд нæ æримисæн...*


4


**АХСГИАГ ГЪУДДАГ**



1945-2023

ЦИТГИН УÆЛАХЕЗИ 78 АНЗЕЙ КАДÆН

## НÆ ФИДИБÆСТИ НАМУСИ БÆРÆГБОНМÆ ЦÆТТÆ КÆНГÆЙ...

Нæ Цитгин Уæлахези 78 анзей бæрæгбони Цæгат Иристони арæзт æрцæудзæнæй берæ аллихузон кадæгæнæн мадзæлттæ: æфсæддон парадтæ рацæудзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи æма Мæздæги, акци «Сæ цæсгæнттæмæ син бакæсæ»-йи, «Æнæмæлгæ полк»-и дзиллон рацуд.

Уæлахези Бони кадæн циуавæр мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæй æма уони бацæттæ кæнуни хæццæ баст фарстатæбæл æрæги æрдзубанди кодтонцæ оргкомитет «Уæлахез»-и фиццаг æмбурди. Разамунд ин лæвардта нæ республики Сæргълæуuæг **Сергей Меняйло**. Æма е æ радзубандий загъта:

– Уæлахези 78-аг анзи бæрæгбон гъæуама еумæйагæй исбæрæг кæнæн тæккæ аккагдæр хузи. Еугур бæстæн, нæ республикæн ахсгиаг цау æй, не ’мзæнхонтæй 100 мин адæймаги рандæнцæ немуцаг фашистти нихмæ тох кæнунмæ. Сæ хæдзæрттæмæ нæбал исæздахтæнцæ 47 мин адæймаги. Райгурæн бæсти сæрбæлтау иснивонд кодтонцæ сæ цард. Уæлахези бонбæл нур æмбæлæн сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг, еудзийнадæ, патриотон уодисконд æма историй цаутæ зæрдæбæл дарун нин хъæбæр ахсгиаг æй. Нæ ветерантæбæл гъæуама мæтæ кæнæн, ци гæнæн æма амал ес, уомæй сæбæл гъæуама ауодæн, паддзахади ’рдигæй ци агъаз цæуй, уой сæмæ хъæртун кæнун гъæуй.

Нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Туйгъанти Ларисæ** æмбурди архайгути базонгæ кодта Уæлахези бон куд бæрæггонд цæудзæнæй, уой фæдбæл нисангонд гъуддæгути хæццæ. Документи æвдист æрцудæнцæ кади, зæрдæбæлдаруни мадзæлттæ, ка фæммард æй, уони ингæнтæбæл деденгутæ исæвæруни, социалон ахедундзийнади хæццæ, культурон-рохсадон проекттæ, еугуруæрæсеуон æма республикон акцитæ.


3



**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**



http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Григорий ЯВЛИНСКИЙ: «Паддзахади сæргълæуугæ еу бардзурд раттуй, чиновниктæ ба кæнунцæ сæхецæн пайдадæр ци уа, уой. Фæззæгъунцæ син: уартæ уоми над исаразетæ. Етæ над исаразунцæ, фал – дæс хатти хъазардæрæй, уомæн æма æхцайæн е 'ртæ цуппæрæймаг хай сæ дзиппити æвæрунцæ...»*

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ

Программæ «Гъæуун дохтир»-мæ гæсгæ аци анз Цæгат Иристони гъæути косун райдайдзæнæнцæ 24 дохтири æма дууæ астæуккаг медицинон косæги. Дохиртæ райсдзæнæнцæ фæйнæ миллион сомей, фельдшертæ ба – фæйнæ 500 мин сомей бæрцæ агъазгæнæн феддонтæ. Фарæ еци программæмæ гæсгæ республики гъæутæмæ косунмæ рандæнцæ 22 дохтири æма фондз астæуккаг медицинон косæги.

* * *

**Елхотти гъæуунхæдзарадон кооператив «ДеГусто»-й разамунди хъæппæресæй арæзт æрцудæй авд хæдзари, сæ еумæйаг фæзуат 738 квадратон метри. Уой фæрци аци хæдзаради косгутæй авдей биййонтæн фæцæй равгæ сæ царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунæн – æрæги син равардтонцæ дæгъæлтæ сæ нæуæг фатертæй.**

* * *

Авд нуриккон нæуæг автобуси рæхги райсдзæнæнцæ республики районтæ. Тагъд рæстæги ба никкидæр ма аст автобуси сæмæ лæвæрд æрцæудзæнæнцæ.

* * *

**Цæгат Иристони Хецауадæ гъæвуй 5 миллионемæй 7 миллион сомей уæнгæ фæффулдæр кæнун, гъæуунхæдзарадон продукци уадзуни кустгæнгутæн агъазгæнæн фæрæзнити бæрцæ.**

* * *

Инвестицион проекттæ æнхæст кæнуни фæрци Цæгат Иристони косæн бунæтти бæрцæ аци анзи кæронмæ фæззиндзæнæй 700 нæуæг косæн бунати.

* * *

**Косæн бунæтти ярмаркæ Цæгат Иристони арæзт æрцæудзæнæй 14 апърели. Кустдæтгути хæццæ ма си архайдзæнæнцæ эксперттæ, кæцитæ рауагъдонтæн, студенттæн æма сæ ниййергутæн фæййагъаз кæндзæнæнцæ уæлдай зæрдæмæдзæугæ кустадон рауæнтæ равзарунæн, æ исонибони дæсниадæ равзаруйнаг ка 'й, уони ба базонгæ кæндзæнæнцæ нури рæстæгути тæккæ гъæугæдæр дæсниæдти хæццæ.**

* * *

Дигоргоми гъæутæй еу, Мæхческ хаст æрцудæй, регионалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн историон цæрæнбунæтти номхигъдмæ. Уомæ гæсгæ ами гъæуайгонд цæудзæнæнцæ федералон æма регионалон ахедундзийнади культурон бунтæ, сæ хæццæ археологон, хъазар историон азгъунститæ æма арæзтадтæ, æндæр, гъæубæсти æндагон бакаст кæмæй федауй, етæ. Аци рауæн аразæн нæ уодзæнæй гъæуæн зæранхæссæг кустуæттæ.



## СÆРМАГОНД ХУÆРЗЕУГУТÆ – СÆ ЛÆГДЗИЙНАДИ ТУХХÆЙ

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуугæ **Сергей Меняйло** Уæрæсей гъæуайкæнуйнади Министради хуæрзеугутæ равардта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим** æма сæрмагонд æфсæддон операций архайæг, къуар «Аланистон»-и раздæри разамонæг, нур ба тагъд уагахæсти къуари командæгæнæг **Гæбути Игорæн**.

Республики разамонæг син равардта «Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг»-и майдантæ, ци устур бæрнон ихæстæ сæбæл æвæрд цæуй, уони æнтæстгинæй ке æнхæст кæнунцæ, уой туххæй син райарфæ кодта. Куд ма бафтудта, уотемæй син æ зæрдæ зæгъуй æнæнез æма арæхстгин ун.

Уæрæсей гъæуайкæнуйнади Министради майдан «Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг» федаргонд æрцудæй 2022 анзи 10 августи. Бундорæн райстонцæ «Сурх Стъалуй» советон орден. Хузæрдæмæ си бæрæг æй «Сурх Стъалу», е советон доги рæстæг адтæй кадгин хуæрзеуæг. Сæрмагонд æфсæддон операций нисантæ æнхæст кæнуни ка фескъуæлхтæй, етæ си хуарзæнхæгонд цæунцæ.

## АДÆМИ УОДÆНЦОЙНÆН

Нæ республики Хецауадæ æма акционерон æхсæнадæ «Газпром» бафинстонцæ 2021-2025 æнзтæн Цæгат Иристон газæй æфсадуни æма газ хæдзæрттæмæ уадзуни программæ. Е æнæгъæнæйдæр æнхæстгонд кæд цæуй, уæддæр фæззиндтæй нæуæг, æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстатæ. Уомæ гæсгæ ба багъудæй нæуæггонд программæ бафинсун. Уомæ гæсгæ æвæрд æрцæудзæнæй гъæути 'хсæн гази хæтæлти 79 километри, уæдта цæрæн бунæтти медæгæ 18,3 километри гази хизæгтæ, уой фæрци газ бауадздзæнæнцæ никкидæр ма 23 цæрæн бунатемæ Алагири, Ирæфи æма Мæздæги районти. Æдеугур еци артаг фæззиндзæнæй 330 хæдзареми, уæдта ахурадон, културон æма æндæр социалон косæндæнтти.

Программи фæлгæти арæзт æрцæудзæнæй гази станцæ «Зæрæмæг». Уой фæрци газ бауадзунæн фадуат фæууодзæнæй туристон комплекс «Мамисон»-мæ.

Уомæй уæлдай ма газиуарæн станцæ «Цæгатаг» исараздзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи, республики авд станци ба сæ косæнгарз фæннæуæгдæр кæндзæнæнцæ. Уæд фæффулдæр уодзæнæй газ æрветуни бæрцæ Æрæдони, Ирæфи, Рахесфарси, Горæтгæрон, Мæздæги районти æма Дзæуæгигъæуи.

Нæ республикæ дæр æ агъази хай кæндзæнæй, газ æ хæдзæрттæмæ ка уадзуй, еци цæргутæн.

Зæгъун ма гъæуй уой, æма Цæгат Иристон Уæрæсей ахæссуй раззаг бунæттæй еу газæй пайда кæнунæй.



## НÆ РАГФИДТÆЛТИ ЗАГЪД: «КÆМÆНДÆР, ДАН, Æ ДЗУБУЛДАР НÆБАЛ ТАХТÆЙ ÆМА ХУМÆ НÆБАЛ КОДТА!..»

# АЛЛИ ГЪУДДАГ ДÆР ХУАРЗ КУСТÆЙ ÆНХÆСТ КÆНГÆ 'Й

Нæ региони рабæрæг æй, фадунæгæй ка фæссæйгæ 'й, уæхæн фондз адæймаги. Уой тухххæй «Роспотребнадзор»-и цæгатиристойнаг управлений разамонæг **Тибилти Алан** фегъосун кодта, Цæгат Иристони Сæргълæуугæ **Сергей Меняйлой** разамундæй нæ республики Хецауади ци аппаратон æмбурд рацудæй, уоми. Æ загъдмæ гæсгæ, еумæйагæй райсгæй нæмæ эпидемиологон уавæр уойлæсæбæл сагъæссаг нæй. Фал уæддæр адæми тæссаг незæй багъæуай кæнуни тухххæй æнхæстгонд цæунцæ гъæугæ мадзæлттæ.

Зæгъун гъæуй уой, æма аци æмбурди уæлдай фулдæр дзубанди рауадæй адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади фарстатæбæл.

Республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослани** загъдмæ гæсгæ, нуртæккæ сæйгæдæнтти ес коронавирусæй сæйгæ 30 адæймаги, амунд незæй 90 адæймаги ба сæхе дзæбæх кæнунцæ амбулаторон уагæй. Уомæй уæлдай, сæрмагонд æфсæддон операций архайгути биййонтæн медицинон агъаз кæнунцæ (нуриуæнгæ гъæугæ агъаз бакодтонцæ 165 адæймагемæн).

Сергей Меняйло куд фегъосун кодта, уотемæй тагъд рæстæги региони еугур зинвадуат гъæути дæр гъæуй афтекон хайадтæ байгон кæнун. «Росздравнадзор»-и регионалон управлений игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, нуртæккæ республики 49 гъæуи афтектæ гъæугæ 'нцæ. Уой фæдбæл Сергей Меняйло уотæ бауайдзæф кодта:

– Адæймаг аналгин æлхæнунмæ дæс æма дууинсæй километри цæмæй ма цæуа, уæхæн фадуат ин исаразун гъæуй. Гъæуи кæд дæс адæймаги цæруй, уæддæр гъуддаг исаразуйнаг æй. Афтек бунати байгон кæнуни равгæ кæд нæййес, уæд къуæрей дæргъи æртæ хатти гъæумæ ка цæудзæнæй, уæхæн мобилон афтекон хайадæй пайда кæнуни фæндæ бахæссетæ. Багъæуаги рæстæги хецæн адæймæгути афтектæй дæр испайда кæнæн ес, адæми зиндзийнадтæ цæмæй ма 'взаронцæ, уой тухххæй.




Льготон хуастæй адæми ефтонг кæнунæн уæлæнхасæн æхцатæ радех кæнун æнгъезуй, зæгъæ, фегъосун кæнгæй, регионы разамонæг вице-премьер **Александр Реутов** æма финансти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Исахъти Олегæн** ихæсгонд æрцудæй хуастæй льготон ефтонгæдæн уæлæнхасæн фæрæзнитæ радех кæнуни фарстамæ æркæсун. Уой фæдбæл дæр Сергей Меняйло загъта:

– Аци гъуддаги цæйбæрцæ байагурдтан, уойбæрцæ æхца нæмæ нæййес, фал æхца хайгай феддзинан, феддонтæ куд нæ фæкъкъулумпи уонцæ, уотæ. Сæйраг æргом раздахун гъæуй онкологон æма сæкæри незтæй сæйгæ адæймæгутæмæ.

Æмбурди дзубанди цудæй æфсади рæнгъитæмæ уалдзигон фæдздзурди фарстатæбæл дæр. Республики Сæргълæууæг районти сæргълæуугутæн бафæдзахста фæдздзурди мадзæлтти тухххæй лæдæрунгæнæн кусти архайун.

Сергей Меняйло Хецауади иуонгтæн æма муниципалитетти сæргълæугутæн байхæс кодта зингисерваестæй тæссаг рæстæг адæми æдасдзийнади æма цард ефтонгади системити æнæкъулумпи кусти фарстатæмæ комкоммæ уагæй цæстæ дарун:

Абони уæлдай сагъæссаг фарста – æнæзакъон бугъдæнттæ. Е цæйбæрцæбæл сагъæссаг æй, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма хецæн фæзуæтти тæссаг санитарон уавæри тухххæй адæмæй æрбацудæй 85 гъæстæмæй фулдæр.

– Бугътæ æнæзакъон бугъдæнттæмæ ка гæлдзуй, еугур еци адæймæгутæ бæрнондзийнадæ бадомун гъæуй, – загъта Сергей Меняйло. – Районти разамонгутæ сæ фæзуæттæбæл ку фæссæйлунцæ, уæд сæйраг æргом здахæнтæ исæвзургæ æнæзакъон бугъдæнттæмæ æма аци бугъдæнттæ ма 'руадзунæн рагацау мадзæлттæ аразæнтæ.

Æмбурди рæстæг Сергей Меняйло сæрмагонд æргом раздахта Рахесфарси æма Дигори районти цæрæнуæтти арæзтадæмæ. Арæзтади фæдбæл бадзурдти амунд æмгъудтæ банхæст кæнун байагоргæй, республики Сæргълæуугæ бахаста арæзтадон косæндæнттæ баййевуни фарстабæл æрдзубанди кæнуни фæндæ. Кæлæддзаг цæрæнуæттæй нæугутæмæ адæми раййевуни фæдбæл программæ афойнадæбæл æнхæстгонд æрцæудзæнæй æви нæ, уой тухххæй персоналон бæрнондзийнадæ республики Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики профилон министрадæмæ ке хауй, регионы разамонæг æмбурди архайгути зæрдæбæл уой никкидæр ма еу хатт æрлæууун кодта.

**Авдисæри, 17 апърели бæрæггонд цæудзæнæй медгъуддæгути къабази æма медбæстон æфсæдти ветеранти Бон. Зæрдиагæй син арфæ кæнæн мах дæр сæ бæрæгбони фæдбæл!..**



# ДЕПУТАТТÆН АДÆМИ ХÆЦЦÆ ÆНГОМ БАСТДЗИЙНАДÆЙ ХУÆЗДÆР НЕЦИ ЕС

Хуарз гъуддагæй ку райарфæ кæнай, уæд е, еуемæй, æхцæуæн уодзæнæй æ исаразæгæн, иннемæй ба никки хуæздæрæй ма райрæздзæнæй.

– Адæм цæмæй цæрунцæ, цæбæл æй сæ тухст, абони цардарæзти фæдбæл циуавæр æнцæ сæ гъудитæ æма сæ сагъæстæ, уой базонуни фæдбæл æгайтима сæ хæццæ ке æмбæлетæ, ке сæмæ байгъосетæ, уой туххæй уин арфæ кæнун. Хецауадæ адæми хæццæ ку уа, æма се 'хсæн æнгом бастдзийнадæ ку уа, уæд уомæй хуæздæр неци ес…

Гъе уотæ загъта «Иристони Устур Нихæс»-и Рахесфарси Совети сæрдар **Томайти Сергей**, нæ республики Парламенти Совети иуонгтæн сæ кезуй æмбурд сæ райони ке исаразтонцæ, уой туххæй.

Раст зæгъгæй, уæхæн æмбурдтæ районти арæзт ке цæуй, е иссæй нæуæгдзийнадæ Парламенти нури архайди, уой дæр æ Сæрдар **Тускъати Тайморази** хъæппæресæй. Нерæнгæ бал Парламенти Совети уæхæн æмбурдтæ арæзт æрцудæй Мæздæги æма Горæтгæрони районти, æрæги ба – Рахесфарси райони дæр.

Æмбурд игон кæнгæй Тускъати Таймораз æ радзубандий фиццагидæр уой баханхæ кодта, æма нæ республики царди аци район цæйбæрцæбæл агъазиау бунат ахæссуй:

– Рахесфарси район равардта айдагъ Иристонæн нæ, фал æнæгъæнæ Советон Цæдесæн дæр æ рæстæги алæмæти æскъуæлхтдзийнæдтæй кадæ æма намус ка искодта, уæхæн адæймæгутæ. Фагæ 'й айдагъ уой зæгъун дæр, æма уонæй фараст иссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, авдемæй ба Социалистон Фæллойни Бæгъатæртæ… Сæ нæмттæ алкæмæн дæр æнцæ зундгонд. Иннæ уæхæн – советон доги си ци цæмæдесаг адæмон-хæдзарадон арæзтæдтæ фæззиндтæй, етæ. Зæгъæн, Цæликки донхуаруггæнæн къанау. 1940 анзи е арæзт æрцудæй æхсæрдæс бонемæ. Æма е дессаг куд нæй!..

Райони социалон-экономикон ирæзти туххæй, евгъуд анзи дæргъи национ проекттæ куд æнхæстгонд цудæнцæ æма сæмæ федæнмæ циуавæр нисантæ ес, уой туххæй æмбурди радзубанди кодта Рахесфарси райони муниципалон исконди сæргълæууæг **Фрайти Сослан**. Куд загъта, уотемæй фæсарæйнаг санкцити фудæй евгъуд анз алкæмæн дæр адтæй уæззау, фал уæддæр, социалон-экономикон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, район æ размæ æвæрд ихæстæ исæнхæст кодта. Райони бюджети хе æфтуйæггæгтæ, 2021 анзи хæццæ рабаргæй, фæффулдæр æнцæ 63 миллион сомемæй. Уомæй уæлдай ма куд баханхæ кодта, уотемæй Беслæни район арæзти социалон-экономикон генералон пълани ци нисантæ æвæрд ес, етæ æнтæстгинæй æнхæстгонд ке цæунцæ, уой.

Парламенти закъонæвæрунади, закъонадæ æма бунæттон хеунаффæйади комитети сæрдар Черчести Аслан ци дууæ федералон закъонеи проекти туххæй дзурдта, уонæй сæ еу æй сæрмагонд æфсæддон операций еугур архайгутæн æма сæ бийнонтæн багъæуаги лæвар юридикон агъаз кæнуни, иннæ ба – паддзахадон сосæгдзийнадæ багъæуай кæнуни туххæй уæлæнхасæн закъонæвæрунадон мадзæлттæ исфедар кæнуни фæдбæл. Фарста æй уæлдай ахсгиаг, нуртæккæ сæрмагонд æфсæддон операци ке цæуй, уой нимайгæй.

Цæгат Иристони транспорти хъалони туххæй Закъонмæ æййивддзийнæдтæ бахæссуни туххæй адтæй Парламенти бюджети хъалонти, есбонадæ æма кредитон организацити комитети сæрдар **Хæдарцати Аслæнбеги** дзубанди. Закъони проектмæ гæсгæ, хаст цæуй фæндæ, цæмæй, 150 бæхи хъауремæй фулдæр тухæ кæмæн ес, уæхæн хуæдтолгити хецæуттæ – сæрмагонд тугъдон операций архайгутæ – транспорти хъалон федунæй цæуонцæ уæгъдæгонд.

Социалон нисанеуæг кæмæн ес, къуар уæхæн федералон закъонеи проекттæ Совети иуонгтæн сæ размæ рахаста **Реуазти Ларисæ** дæр. Закъонæвæрунадон хъæппæрестæ баст адтæнцæ: тугъдон цаути ветерантæн, уой хæццæ ба сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн коммуналон лæггæдтæ федунæй (компенсаций 50 процентемæй) фæййагъаз кæнуни, сæ хæдзардарæг фæдздзурдмæ гæсгæ кæмæн рандæй, уотемæй минкъий сувæллæнттæ кæмæн ес, еци æфсæддони бийнонтæн фæййагъаз кæнуни, седзæрæй æма æнæ ниййергути евгед байзайæг сувæллæнттæн социалон агъаз уæлæнхасæн мадзæлттæ æма æндæр фарстати хæццæ.

Уомæй уæлдай ма федералон æма республикон закъонти проектти фæдбæл æмбурди радзубанди кодтонцæ: Парламенти Сæрдари хуæдæййевæг **Дойати Светланæ**, Парламенти комитетти разамонгутæ **Качарати Олег**, **Еленæ Князева**, **Остъати Георги** æма æмбурди иннæ архайгутæ.

Æмбурди кæронбæттæн рауадæй уæлдай æхцæуæн: Рахесфарси райони социалон-экономикон райрæзтмæ е 'нтæстгин æма æнæзæрдихудт фæллойнæй аккаг байвæрæн ка бахаста, царди алли къабæзти æнтæстгинæй ка архайуй, еци фæллойнæгæнгутæй къуаремæн Тускъати Таймораз, зæрдиаг арфитæ ракæнгæй, равардта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти Кади гæгъæдитæ æма Парламенти Сæрдари Арфи финстæгутæ.

Æмбурди фæсте Тускъати Таймораз, æ хæццæ Фрайти Сослан æма Рахесфарси райони бунæттон хеунаффæйади сæрдар **Мирикати Хъазбег**, уотемæй æрзилдæнцæ Беслæни райрæзти социалон-экономикон генералон пъланмæ гæсгæ сахари объекттæ арæзт кенæ бундоронæй цалцæггонд æрцудæнцæ, уонæбæл, уæдта, районы экономики гъомусмæ æ байвæрæн ахедгæ кæмæн æй, уæхæн кустуæттæбæл, се 'хсæн: уæлæнхасæн ахуради косæндонæ «Сувæллæнтти искурдиæдтæ ирæзуни центр «Альтаир», консервкустгæнæг æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Карагро», нурикконд æр уавæрти хæццæ 13-аг æма 1-аг рæвдауæндæнттæ, нæуæгарæзт 2-аг астæуккаг скъола, дууæ мин спортуарзæгемæн бунат кæми уодзæнæй, Беслæни еци стадион «Пищевик», уæдта ма Брути гъæуи амбулатори.

Еци косæг балций рæстæг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти фарстатæн дзуæппитæ дæтгæй, Парламенти Сæрдар куд загъта, уотемæй ци фæууидта, уомæй аразийæй байзадæй.

– Социалон-экономикон размæцуди сæйраг рахуæцæнтæ 'нцæ национ проекттæ, æма сæ еугурейдæр фæууидтан, баруагæс ни æй, Рахесфарси районы етæ æнхæстгонд ке цæунцæ, е. Нæ бæсти Президент **Владимир Путини** æма республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** фембæлди фæсте Беслæни райрæзти туххæй ци генералон пълан æрцудæй федаргонд, уомæн дæр æ нисантæ – уотæ. «Альтаир», зæгъгæ, ци Центр бабæрæг кодтан, уоми ирæзгæ фæлтæрæн ес, æ зæрдæмæ хæстæгдæр кæмæн ци æй, уомæ гæсгæ уæлæнхасæн ахурадæ райсуни еугур фадуæттæ дæр. Агрокомплекси идарддæри ирæзтæн дæр исбæлвурд кодтан гъæугæ мадзæлттæ, уомæн хуарз дæнцæ 'й – бизнес-проект «Карагро». Цæмæй нæ идарддæри нисантæ дæр къохи бафтуйуонцæ, уобæл архайдзинан. Е нин бантæсдзæнæй еугур æмвæзæдти депутаттæ æмзунд ку уонцæ æма нæмæ адæми хæццæ æнгомдзийнадæ ку уа, уæд, – загъта Тускъати Таймораз.







## НÆ ФИДИБÆСТИ НАМУСИ БÆРÆГБОНМÆ ЦÆТТÆ КÆНГÆЙ...

Гъæуама республики Сæргълæууæги номæй исæмбæлонцæ ветеранти хæццæ, бæрæгбони концерт, салют искæнонцæ, тугъдон намуси бунæттæбæл мото-автодогътæ исаразонцæ, патриотон акцитæ «Георгийаг лентæ» æма «Зæрдæбæл дарæн дзæхæрадонæ»-йи байархайуонцæ, лæгдзийнади уроктæ, фæдздзурди размæ кари ка 'й, еци фæсевæдæн спартакиадитæ искæнонцæ. **Сергей Меняйло** бæрнон адæймæгутæн бафæдзахста еугур гъуддæгутæ дæр æнхæстæй æма гъæугæ хузи исаразун. Уой фæдбæл куд баханхæ кодта, уотемæй еци гъуддаг агъазиау агъаз æй ирæзгæ фæлтæрти тугъдон-патриотон гъомбæладæ гъомусгиндæр кæнунæн:

– Гъæуама сувæллæнттæн лæгдзийнади уроктæ кæнæн, уордæмæ фæдздзорæн ветеранти Советь, æхсæнадон организацити иуонгтæмæ. Институтти æма техникумти гъæуй тематикон къумтæ искæнун. Сувæллæнттæ æма студентти хæццæ фембæлдтитæмæ фæдздзорæн сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæмæ, етæ гъæуама республики сæхе дзæбæх кæнонцæ кенæ сæ фæллад уадзонцæ. Районти разамонгутæ гъæуама æдасдзийнади еугур фарстатæмæ дæр кæсонцæ.

Уæлахези парад 9 майи уодзæнæй Дзæуæгигъæуи, Сæребари фæзи 10 сахаттемæй 10 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ, парадуадзæнæй си Уæрæсей гъæуайкæнуйнади Министради æма тухи структурити минæвæрттæ. Сæрмагонд тугъдон техники 23 хузи паради ке рацæуудзæнæнцæ, уой фегъосун кодта 58-аг æфсади командæгæнæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Алексей Ткачев**. Сергей Меняйло бахаста паради кадетти, суворовонти, æфсади æвзонг иуонгти рахонуни фæндæ.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ***

**Геуæргибони, 18 апърели бæрæггонд цæудзæнæй циртдзæвæнти æма зингæдæр рауæнти Æхсæндуйнеуон бон.**

***БОЛЛОТИ Таймораз æ райгурæн Иристонæн ци берæ хуæрзти бацудæй, е хуарз зундгонд æй нæ дзиллæн. Æрæги бабæй райгъустæй æ еума зæрдæмæдзæугæ хъæппæреси кой: исфæндæ кодта æ фидтæлти бундори гъæу Донифарсмæ хæстæг нуриккон туристон комплекс исаразун. Уой туххæй æхцай фæрæзнитæ дæр æхуæдæг радех кæндзæнæй.***



БОЛЛОТИ Кудзиго æма Зурмæ (Тубети Хакъиасси кизгæ) сæ фурттæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Таймораз, Батраз, Алексей, кизгуттæ Райæ æма Рози хæццæ.

# ФАРНÆХÆССÆГ

1

Боллоти муггагæн сæ фиццаг фидтæл Есе æд бийнонтæ Дигоргоммæ раги кæддæр æрбафтудæй Ассийæй. Цæрæн бунатæн æхецæн равзурста, уой фæсте Къумбулти гъæу ке исхудтонцæ Донифарси зилди, уой. Ами Есе æ фуртти хæццæ исаразта устур æма федар цæрæн хæдзарæ æма си æрцардæнцæ бундоронæй. Мæсуг дасунмæ дæр си гъавтонцæ, фал син даст нæ фæцæй. Еци хæдзарæ æма мæсуги ихæлддзæгти дортæ адæм абони дæр хонунцæ «Боллоти цæрæнтæ», зæгъгæ.

Боллоти дзиллæ Къумбулти гъæуи фæстагмæ нимæдзæй исберæ 'нцæ, тумугъ муггаг исæнцæ. Адтæй сæмæ берæ хуарз фæсевæд, уони фæрци адтæнцæ æдас тухæгæнгутæй. Фæдеси хабар ку фегъосиуонцæ, уæд сæдæ лæхъуæней бæрцæй æд тохæнгæрзтæ сæ бон уидæ æрлæууун знæгти нихмæ.

Еууæхæни, дан, еу æлдар е 'фсади хæццæ фæззиндтæй Донифарси зилди æма æрбунат кодта Къумбулти гъæуи фалдзоси. Уæди рæстæги адтæй уæхæн фæткæ, кæцимæ гæсгæ, тухæгæнгути хецау – æлдар гъæуама æхсæвæ рарвистайдæ нæуæгхунд киндзи хæццæ. Нæуæгхунд киндзæ ба уæд адтæй Боллотæмæ, æма æлдар уой ку базудта, уæд Боллотæмæ рарвиста æ тухæгæнгутæй еуей, цæмæй имæ уони нæуæг киндзи 'рхудтайдæ. Боллоти фæсевæд еци хабар ку райгъустонцæ, уæд цæттæй ислæудтæнцæ еци æгадæ гъуддаг нæ бауадзунмæ. Фал син киндзи хецау загъта:

– Мæхе бæрагæ 'й бауадзетæ...

Æлдармæ ба рарвиста, цæмæй æхуæдæг иссудайдæ Боллоти хæдзарæмæ. Æлдар иссудæй Боллотæмæ, æма, хæдзари дуарæй куд бахизтæй, уотæ ин хæдзари хецау фæрæтæй æ сæр ракъуæрдта. Уой фæсте ба Боллоти фæсевæд, æлдари хæццæ ци адæм адтæй, уонæбæл истухтонцæ, фæхъхъæбæрдæр сæбæл æнцæ, æма, цардæгасæй ма си ка байзадæй, етæ ба ледзæги фæцæнцæ. Уæдæй фæстæмæ, дан, еци фæткæ (хъалон есун æд киндзæ) фехалдæй.

Уой фæсте бабæй Донифарси зилдмæ фæззиндтæй берæ 'фсæдти хæццæ æндæр æлдар. Е 'рбацæуни сæр ба адтæй раздæриккон æлдари кийнæ бахатун. Æрбадтæнцæ Багъайти. Агурдтонцæ гъæуи цæргутæй хъалон. Уой хæццæ ба ма син алли бон дæр æвгарстонцæ сæ галтæ.

Еци гъуддаг Боллоти фæсевæдæн гъулæг куд нæ адтайдæ, сæ сæрмæ 'й нæ хастонцæ. Исфæндæ кодтонцæ æлдари рамарун. Фал син æ рамарун аци хатт нæ бантæстæй, айдагъдæр ин хъæмайæй æ уæраг фæццæф кодтонцæ. Æлдарæн æ рамаруни туххæй неци федгæ уидæ, фал цæфи туххæй ба устур хъалон гъæуама бафистайуонцæ.

Боллотæн уойбæрцæ берæ æфсæдти хæццæ истохун сæ бон не 'ссæй æма састи бунати байзадæнцæ. Райстонцæ сæ уацари сæдей бæрцæ биццеутæ æма кизгуттæ, æма сæ сæ хæццæ фæттардтонцæ. Кумæ, уой ба неке зонуй.

Æлдари тухгæнгутæ Боллоти фæсевæди уацари ку райстонцæ, сæ мулк син ку фæлластонцæ, уæд уой фæсте Боллоти муггаг хъæбæр исмæгур æй, сæ уасæ цæйбæрцæдæр рæстæгути нæбал иссирдтонцæ. Фал бабæй сæ хъаурæ, сæ хъиамæти фæрци сæхебæл исхуæстæнцæ, цæрунгъон иссæнцæ. Берæ хуарз лæгтæ сæмæ фæззиндтæй. Сæ адæм дæр нимæдзæй исберæ нцæ. Исæнтæстæй сæмæ æхсæз æнсувæри: Галачи, Чихауи, Кебег, Мулук, Глаз æма Тез. Уой фæсте æнсувæртæ сæ фидæй байурстонцæ, сæ нæмттæмæ гæсгæ муггæгтæ искодтонцæ æма Къумбулти гъæуи фæззиндтæнцæ нæуæг муггæгтæ: Галачитæ, Чихауитæ, Кебегтæ, Мулукатæ, Глазтæ æма Тезтæ, уæдта сæхуæдтæ Боллотæ.

Къумбулти гъæуи 1886 анзи æрфинсти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ аци муггæгтæй Боллотæй уæлдай Къумбулти гъæуи цæрæг некебал адтæй, уæди уæнгæ си ка цардæй, етæ уæдмæ алли рауæнтæмæ фæллигъдæнцæ.

Раздæр куд фæббæрæг кодтан, уотемæй Боллоти фиццаг фиди ном хундтæй Есе. Есейæн адтæй æртæ уоси. Æ фиццаг уоси муггаг æма æ ном куд хундтæй, уони ин неке зонуй. Еци уосæй Есейæн исæнтæстæй фурт Сослан, Сосланæн – Басил, уомæн ба – Есе (æ фиди фиди ном ибæл исæвардтонцæ). Есейæн исæнтæстæй фондз фурти: Дзамбег, Цопе, Даукуй, Мансур æма Заур. Дзамбегæн исæнтæстæй фурт Инал, уомæн ба – Кудзиго.

* * *

Боллоти муггаги туххæй еугур хабæрттæ дæр Гецати Афæхъойæн, «Дигори коми муггæгти равзурд», зæгъгæ, киунугæ исаразæгæн æ рæстæги радзурдта Боллоти Кудзиго (Хъазбег дæр æй хониуонцæ), е ба сæ фегъуста æ фидæ Иналæй, уæдта иннæ хестæртæй.

Кудзиго æхуæдæг дæр айдагъ Хæзнидони нæ, фал Ирæфи райони дæр æма æнæгъæнæ Иристони дæр нимад адтæй цитгиндæр адæймæгутæй еуебæл. Кæд абони, гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æй, уæддæр нерæнгæ дæр ма ин æ рохс ном дзиллæ зæрдтагонæй æримисунцæ. Æримисæн æй мах дæр.

Устур Фидибæстон тугъдæн æ кæрон хæстæгæй-хæстæгдæр ке кодта æма фашистон æрдонгтæ бустæги дæрæнгонд ке 'рцæудзæнæнцæ, уой сæ разамунд сæхуæдтæ дæр бæргæ лæдæрдтæнцæ. Фал ма си уæддæр сæ æгади кæрон не 'руагæс кодта, æвзурстонцæ нихкъуæрд дæттун советон æфсæдти æнæбауорамæг размæмпурстæн. Уæлдай карздæр тох не 'фсæддонтæ æма фашистти 'хсæн байеудагъ æй Искæсæн Пруссий сæйраг сахар, алцæмæйдæр ефтонг æма федаргонд Кенигсбергбæл (абони Калининград). Гъæуай æй кодтонцæ, Гитлери сæрбæлтау æ цард раттун дæр æвгъау ка нæ кодта, уæхæн æвзаргæ æфсæдтæ. Лæвæрд ба син адтæй карз бардзурд – цийфæндийæй дæр размæмпурсæг советон æфсæдти нихмæ федар фæллæун æма маймайиддæр Кенигсберг нæ раттун.

Уогæ Советон Æфсади размæмпурст ка æма ци ма бауорæдтайдæ. Фал уæддæр советон æфсæддон разамунд гъавтонцæ, ци гæнæн æма амал адтæй, уотæ минкъийдæр зиæнтти хæццæ сахар байсун. Æма не 'сгаргутæй агурдтонцæ, цæмæй, ци гæнæн æма амал адтæй, уомæй кæрæй-кæронмæ исбæлвурд кодтайуонцæ знаги бацæуæнтæ, æ дзармадзанти, танкити æма хуæдтæхгути рауæнтæ, æндæр хабæрттæ. Е адтæй хъæбæр тæссаг æма зин гъуддаг, уой размæ ке рарветиуонцæ, еци тугъдонтæй беретæ нæбал æрбаздахтæнцæ се 'мбæлттæмæ. Фал уæддæр архайд цудæй æнæмæнгæ гъæугæ гъуддагбæл.

Еууæхæни æхсæвигон немуцаг акъоппити фиццаг рæнгъæмæ бахæстæг æй не 'сгаргути къуар, адтæй сæбæл немуцаг æфсæддонти уæледарæс, сæ тохæндзаумау дæр немуцаг. Разæй цудæй сæ хестæр. Гъæуайгæнæгмæ ку бахæстæг æнцæ, уæд е кæдзос немуцаг æвзагæй, ка сæбæл исæмбалдæй, еци фашистон афицерæн балæдæрун кодта, гъома, уруссæгти фæскъилдун адтан, уацайрæгтæ райстан, нæхеуонтæмæ цæуæн æма нæ ма бахъор кæнетæ, хъæбæр, дан, бафæлладан, рæуæг цæфтæ дæр ни ес… Немуцаг афицер райамудта е 'мбæлттæмæ, рауадзетæ сæ, зæгъгæ, æма еуварс ралæудтæй.

Цубур загъдæй, сæ балци фæррæстмæ 'й советон æсгаргутæн, базудтонцæ ахсгиаг хабæрттæ, исбæрæг кодтонцæ, сæ разамунд хъæбæр æнгъæлмæ кæмæ кастæй, уæхæн гъуддæгутæ. Уой туххæй син, сæ хæццæ къуари разамонæг, дууинсæйанздзуд хæзнидойнаг лæхъуæн Боллоти Кудзигойæн дæр, уотемæй исаккаг кодтонцæ бæрзонд хуæрзеугутæ..

Уой размæ ба ма адтæй уæхæн цау дæр. Уæд ма не 'фсæдтæ знагæй уæгъдæ кодтонцæ Белоруссий зæнхæ. Кудзиго, æма, разамунд кæмæн лæвардта, еци æсгаргути къуар сæ ихæс исæнхæст кодтонцæ, ци гъудæй, уой базудтонцæ знаги къилдуни æма 'здахтæнцæ сæ полкмæ. Цудæнцæ еу минкъий гъæумæ хæстæг арф адаги. Еууæхæни райгъустæй циуавæрдæр æзгули, лæхъуæнтæй сæ еу исбурдæй билæмæ, гъавгæй рагъæуæйттæ кодта.



БОЛЛОТИ Таймораз (галеуæрдигæй дуккаг) Санкт-Путербурги е 'мзæнхонтæ æма зонгити хæццæ.

# БОЛЛОТИ ТАЙМОРАЗ ЗАГЪТА:






**Нигулæни, гъай-гъайдæр, ес хиццаг, берæ цæмæйдæрти бафæнзун ке æнгъезуй, уæхæн фæлтæрддзийнадæ. Фал уой хæццæ ба уой зæгъуйнаг дæн, æма, гъæуй нæ гъæуй, уæддæр кедæр цæмæн фæнзæн, нæхуæдтæ нæхемæ исаразунгъон ци ан, уомæй? Мах гъæуама исаразæн нæхе уæрæсейаг ерискæнунгъон кустæдтæ. Уой туххæй нæмæ нуртæккæ дæр берæ рауæнти ес нæхе устур фæлтæрддзийнадæ.**

* * *

**Теоретиктæ практиктæй алкæддæр сæ уодхæссæн уидтонцæ. Етæ æвзагæй ци лæхорунцæ, уой мах ба практики æнхæст кæнæн. Ес нæмæ наукити уæхæн доктортæ, æма нæ хæццæ дзорунæн рæстæг дæр нæ ерунцæ, уомæн æма практикон æгъдауæй архайуни ацъагъуæ сæмæ нæййес, уæдта сæ е, æвæдзи, гъæугæ дæр нæ кæнуй, уомæн æма син уотид, нецæмæй сæ æгириддæр ка нæ ихæсгин кæнуй, уæхæн «зундгин» дзубандитæ кæнун син æнцондæр æй.**

Æма рауидта, немуц бунæттон цæргути къуар гъæуæй куд ракодтонцæ, уой. Дузæрдуггаг нæ адтæй – тардтонцæ сæ марунмæ. Æсгаргутæ къотæрти фæсте сæхе æрримахстонцæ, æма немуцæгтæ куддæр адæми адаги билгæрон æрлæуун кодтонцæ, уотæ Кудзиго еци адæмæй еуемæ сосæггай райамудта, гъома, зæнхæбæл уæхе фæхъхъан кæнетæ, зæгъгæ. Е æй балæдæрдтæй, æма, етæ куддæр фæтътъæпæн æнцæ зæнхæбæл, уотæ æсгаргутæ дæрæн кæнун федæдтонцæ знаги. Еу дæр си нæбал райервазтæй, адæм ба сæ фурцийнæй хъуритæ кодтонцæ не 'фсæддонтæн.

Уæхæн хабæрттæ еу æма дууæ не 'рцудæй хæзнидойнаг лæхъуæн, 3-аг Белоруссаг фронти 58-аг артиллерион полкки 10-аг дивизий æсгаргути къуари разамонæг Боллоти Инали фурт Кудзигой тугъдон карнæ… Æ сæрæндзийнадæ, æхсарæ æма æ дæлбарæ æфсæддон къуарæн æнтæстгин разамун дæттуни туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй бæрзонд æфсæддон хуæрзеугутæй, цалдæр хатти райста Сæйраг Командæгæнæг И.В. Сталини Арфи финстæгутæ...

Фæцæй тугъд, æма Боллоти Кудзиго кади хæццæ исæздахтæй æ райгурæн гъæубæстæмæ. Ралæудтæй сабур царди рæстæг, æма уомæн æ берæ аллихузон гъуддæгутæ ба гъудæй нæуæгæй райаразун.

Кудзиго дæр æ идарддæри царди гъуддæгутæ аразунмæ бавналдта, бакодта бийнонти гъуддаг – цардæмбалæн байагурдта Тубети Хакъясси кизгæ Зурмæхани – е уæдмæ каст фæцæй педагогон училище, куста скъолай математики ахургæнæгæй. Иразгæ фæлтæр гъомбæл кæнуни арфиаг гъуддагмæ æ агъазиау хай бахаста Кудзиго дæр – скъоладзаути ахур кодта райдайæн æфсæддон гъуддагбæл, фæстæдæр ба хе къохæй хæдзари гъæугæ дзаумæуттæ аразунбæл.

Уотемæй фæрсæй-фæрстæмæ Кудзиго æма Зурмæхан скъолай бакустонцæ æноси æмбесмæ хæстæг, пенсимæ рацæуни уæнгæ. Исгъомбæл кодтонцæ сæхе фондз кæстæри – æртæ биццеуи æма дууæ кизги, етæ дæр сæ мадæ æма фиди хузæн разиндтæнцæ хуæрзæгъдаугин, кустуарзон, адæми хæццæ зæрдхæларæй æма цæстуарзонæй цæрæг…

Уæхæн фæнзуйнаг бийнонти 'исгъомбæл æй Таймораз. Гъæуон астæуккаг скъола каст фæууогæй, идарддæр ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй хуайраги промышленности технологон институтмæ. Уой каст фæуугæй (1980 анзи), косунмæ æрвист æрцудæй Ленинградмæ, бæгæниуадзæн завод «Степан Разин»-мæ. Æ фæллойнадон архайд райдæдта смени мастерæй, фæстæдæр ба иссæй цехи хецауи хуæдæййевæг, цехи хецау, хайади хецау, сæйраг бæгæнифицæг, сæйраг технолог… Æхе дæсни æма хъæппæресгин косæгæй ке бавдиста, уомæ гæсгæ 'й байагурдтонцæ бæгæнифицæн завод «Балтикæ»-мæ, уой дæр – генералон директорæй. Е адтæй 1991 анзи. Фиццаг аст анзей дæргъи «Балтикæ» Боллоти Тайморази разамундæй бæгæний рауагъд фæффулдæр кодта æстдæс хатти, анзмæ рауадзиуонцæ 492 миллион литри. Алли анз дæр «Балтикæ» бахæссидæ Санкт-Петербурги бюджетмæ 100 миллион доллæри, е адтæй, сахар æдеугурæй ци хъалонтæ æмбурд кодта, уонæн сæ 11 проценти.

Гъе уотемæй райдæдта æ хæрдмæцуд, абони нæ бæсти æма дуйней берæ рауæнти ин кадæгонд цæй туххæй цæуй, æ лæгдзийнæдтæ ци æскъуæлхтдзийнæдти фæрци ирдæй-ирддæрæй рабæрæг æнцæ æ карни абони бæлдтаг бæрзæндтæмæ.

«Балтикæ»-йи генералон директори бунатæй рацæугæй, Боллой-фурт 2005 исаразта нæуæг агъазиау кустадæ – уæледарæс уадзæг «БТК-къуар», кæци иссæй Уæрæсей рæуæг промышленности раззагдæр æма нурикондæр кустуæттæй еу.

Берæ, хъæбæр берæ бантæстæй абони уæнгæ нæ зундгонд æмзæнхон Боллоти Тайморазæн. Æ ном райгъустæй айдагъ Уæрæсебæл нæ, фал дуйнебæл дæр. Зæгъун æнгъезуй, Уæрæсейæн бæрзонд кадæгæнгутæй æй сæ еу. Æма ин Уæрæсей 'рдигæй дæр кадæгонд цæуй, хуарзæнхæгонд æрцудæй бæрзонд паддзахадон хуæрзеугутæй. Дуйней берæ рауæнти дæр нимади ке æй, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма æ рæстæги нисангонд æрцудæй Бразилий кадгин консулæй, иссæй Францый Кадгин легиони ордени кавалер... Æ берæ аллихузон хæурзеугутæбæл ба æрæги никкидæр ма бафтудæй – Уæрæсей Федераций Президент ин исаккаг кодта 11 къæпхæни орден «Фидибæсти размæ æскъуæлхтдзийнæдти туххæй», нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой Указæй ин аккагонд æрцудæй Цæгат Иристони бæрзонддæр хуæрзеуæг, орден «Иристони Намусæн».

Боллоти Таймораз æхуæдæг куд имисуй, уотемæй институт фæууни фæсте рауагъдонти сæ кусти рауæнтæбæл ка иурста, еци къамиси рази ку 'рлæудтæй, уæд æй уой иуонгтæ – уонæн ба сæ фулдæр æ ахургæнгутæ адтæнцæ – бафарстонцæ:

– Æфсади ке адтæ, уомæ гæсгæ æрæгиау райдæдтай ахур кæнун. Æма цидæр адтæй, уæддæр хуарз ахур кодтай. Кутемæй дин æнтæстæй?..

Æма син загъта, гъома, еудадзугдæр тарстæн, ку нæ исарæхсон, æма мæ ку ратæронцæ, уæд мæ нийййергутæн ци зæгъдзæнæн?..

Гъе уæхæн бæрнондзийнадæ æ нийййергути, æ уарзон гъæубæсти, нæ дзилли размæ Боллойфурт алкæддæр нимадта æма нерæнгæ дæр нимайуй æ цæргæцæрæбонти тæккæ сæйрагдæр ихæсбæл. Кæд æ нийййергутæ, гъулæггагæн, цардæгас нæбал æнцæ, уæддæр еци ихæсæй æхе нæ уæгъдæ кæнуй, æновудæй архайуй, арфиаг гъуддæгутæй æй æнхæст кæнунбæл, фиццагидæр – нæ райгурæн Иристони хуарздзийнæдтæ аразунæй, уæлдайдæр ба иразгæ фæлтæртæн агъаз кæнунæй.

Уæлдай хъæбæрдæр ба ауодуй æ зæрдтагон Хæзнидонбæл, берæ арфиаг гъуддæгутæй архайуй цардиуаги уавæртæ си фæххуæздæр кæнунбæл.

Боллоти Таймораз, ку зæгъæн, хуарзæнхæгонд æрцудæй берæ бæрзонд паддзахадон хуæрзеугутæй. Е æхцæуæн куд нæй!.. Фал Тайморазæн æхе загъдмæ гæсгæ тæккæ агъазиаудæр, тæккæ кадгиндæр æма æхцæуæндæр хуæрзеугутæ ба æнцæ, кæд ин æнтæсуй адæми зæрдитæ естæмæй барохс кæнун æма син естæмæй хуарз фæуун, уæд уони хумæтæги арфитæ.

Хуæрзæрæги Тайморазбæл исæнхæст æй дæс æма æртинсæй анзи. Куд фæззæгъунцæ, лæхъуæн дæр нæбал æй, фал зæрæндти нимæдзæмæ дæр нæма хауй, æ лæги кари бацудæй. Гъема ма нин берæ æнзти дзæбæхæй цæрæ, Таймораз, дæу хузæн фæсевæд Иристони фулдæрæйфулдæр уæд!..

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***



**СОСКЪИТИ Владимир, скульптор, Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг:**

Мæздæги района станицæ Новоосетиновскийи райгурдæй дигорон аййевадон литератури бундорæвæрæг ГУРДЖИБЕТИ Блашка. Барвæндонæй фидибæстон æфсадмæ рандæуогæй, е 37-анздзудæй фæммард æй уруссаг-япойнаг тугъди рæстæг. Æ райгурæн гъæуи ин байзадæй зæронд хæдзарæ, фæккæсæг имæ ке нæ адтæй, уой фудæй зæууатмæ æрцудæй, æркæлæдздзаг æй. Æ райаразунбæл берæ дзубандитæ бæргæ цудæй, гъуддаг бæлвурдæй райаразæг ба нæ адтæй. Цалинмæ еци гъуддаг исæнхæст кæнун æхемæ нæ райста Боллоти Таймораз. Бафæндадтæй æй еци историон хæдзарæ иснæуæг кæнун. Æз мæхуæдæг хæдзарæ ку фæууидтон, уæд рагъуди кодтон, нецибал си рауайдзæнæй, зæгъгæ. Фал æ аразгутæ уоййасæбæл арæхстгин æма рæстуодæй архайæг разиндтæнцæ, æма 'й дзихъиртнæуæгæй исфедаун кодтонцæ, нур си уодзæнæй Блашкай музей. Гъуди ма 'й кæнун, Тайморази хæццæ Парижи сахари Гæздæнти Гайтойæн циртдзæвæн ку æвардтан, уой, уæдта ма берæ æндæр уæхæн æ фæрци арæзт хуæрзауодæн хабæрттæ. Уой туххæй мæ фæндуй уæлдай зæрдиаг арфитæ ин ракæнун… Æз си сæрустур æма боз дæн. Уæдта мæ фæндуй, уæхæн адæймæгутæ нæмæ фулдæр ку уайдæ… Уæд нæ цард дæр зæрдæмæдзæугæдæр кæндзæнæй.



**БОЛЛОТИ Тайморазæн цæмæдесаг æнцæ, æ райгурæн Иристони хæццæ баст еугур гъуддæгутæ дæр æма хабæрттæ дæр.**



*АБАЙТИ Васо (1900-2001), номдзуд ахургонд: «Гимназий ма ку ахур кодтон, уæд еци æнзти мæмæ 'рбафтудæй В.Миллери киунугæ «Осетинские этюды», æма 'й ку бакастæн, уæд хъæбæр бабæлдтæн, Миллер ци хъиамæт бакодта, уой идарддæр æнхæст кæнунмæ. Гъе уæд исфæндæ кодтон Петроградмæ рандæ ун университетмæ æма ирайнаг*



*Всеволод Миллери зонадон архайд кæд æма исхонæн ес уруссаг филологий дзаман, уæд уоййасæбæл агъазиау бундор ес уой кавказзонунади æма ирон-дигорон зонунади æнæгъæнæ дзаман хонунæн дæр. Номдзуд ахургонд Максим Ковалевский (1851-1916) хумæтæги нæ финста: «Нæ Кавкази æвзæгтæ ахур кæнуни парахат къабази райдайæни намус æнæгъæнæйдæр хаст цæуй Миллермæ. Фæсарæйнаг университетти 'й зудтонцæ, зонадон дуйнейæн раргом кодта ирон-дигорон æвзаг, æ грамматикæ æма ин æ синтаксис ка исаразта, æ евгъуди историон очеркæн ин æ фидтæлтиккон таурæхътæй ка испайда кодта, Кавказаг фольклор æмтгæй æма бæлвурдæй æ ирон-дигорон хай ахур кæнуни гъуддаг наукон æгъдауæй ка райаразта, уæхæн ахургондæй...»*




# НÆ АДÆМÆН БЕРÆ ХУÆРЗТИ БАЦУДÆЙ

**Иристонæн дуйней иннæ бæстити хæццæ бастдзийнæдтæ ку фæззиндтæй, уæдæй фæстæмæ ин берæ зундгонд паддзахадон архайгутæ, ахургæндтæ, финсгутæ, æндæр интеллектуалон къабæзти архайгутæ берæ хуæрзти бацудæнцæ. Уонæй адтæй Уæрæсей дзурддзæугæдæр ахургæндтæй еу, иранист, кавказæртасæг (фольклори дæсни, лингвист, этнограф, археолог) Всеволод Федори фурт Миллер. Е 1879-1886 æнзти дæргъи фондз хатти балций адтæй Иристони. Исахур кодта дигорон æма ирон æвзæгтæ, æма ин уой фæрци бантæстæй, адæмон исфæлдистади уадзимистæ æмбурд кæнгæй ин сæ адæмæй ка кæци æвзагбæл радзурдта, еци æвзагбæл сæ ниффинсун. Етæ геппиуагъд æрцудæнцæ хецæн киунугутæй: «Ирон этюдтæ» (1-аг хай рацудæй 1881 анзи, 3-аг хай ба – 1887 анзи), «Дигорон текст» (1902). 1891 анзи В. Миллер е 'мкустгæнæг Штакельберги хæццæ еумæ немуцаг æвзагмæ тæлмацгондæй рауагъта «Фондз ирон аргъауи дигорон диалектбæл».**

**Гъе уотæ, XIX æноси кæрони Иристони нæ маддæлон æвзагбæл фæззиндтæй киунугутæ. Уой размæ дæр нæхердигонау финст киунугутæ куд нæ цудæй, фал еци киунугутæн сæ медес фулдæр баст адтæй айдагъ дини хæццæ – А. Шифнер 1868 анзи, «Осетинские тексты», зæгъгæ, ке рауагъта, уой ку нæ нимайæн, уæд.**

**Всеволод Миллери киунугути аллихузи парахаттæй æвдист æрцудæй нæ адæми дзоргæ исфæлдистадæ: Нартæ æма Даредзанти кадæнгитæ, æгъдæутти хæццæ баст зартæ æма балладитæ, аргъæуттæ, æмбесæндтæ, бацеу-бацеутæ... Ахургонд сæ ниффинста, адæм сæ куд дзурдтонцæ, уотæ, исаразта син наукон феппайуйнæгтæ. Цæмæдесаг æнцæ æ тæлмацтæ дæр.**

**Уæрæсей устур аргъгонд æрцудæй Миллери «Ирон этюдтæ»-йæн: еци кусти туххæй ин лæвæрд æрцудæй наукити доктори ном. Уруссаг Географион æхсæнадæ ба ин исаккаг кодта устур сугъзæрийнæ майдан. Миллерæй дзурдтонцæ, зæгъгæ, дан, ирæнтти «байгон кодта» фæсарæйнаг наукæн.**

**Миллер нæ адæмæн берæ хуæрзти бацудæй, æ культурон æма интеллектуалон царди райрæзти гъуддаги ин устур агъаз фæцæй. Уой фæрци ирон интеллигенцийæн æ зонундзийнæдтæ фæффулдæр æма фæббундорондæр кæнуни туххæй фадуæттæ зингæ фæуурухдæр æнцæ, уæдта сæ еци зонундзийнæдтæй царди медæгæ æнхæстдæр æма ахедгæдæрæй испайда кæнуни æ равналæнтæ фæппарахатдæр æнцæ, никки ахсгиагдæр ба æ кусти медесæн е адтæй, æма нæ уæди интеллигенций минæвæртти зингæдæр хаййæн æ национ хелæдæрундзийнадæ е 'рдæгфунæйи уавæрæй райгъал æй, базмалдæй. Миллер Иристони уæди доги раззагдæр зундирахастбæл хуæст фæсевæди хæццæ архайгæй син фиццагидæр уой лæдæрун кодта, цæмæй се 'ргом фулдæр æздахонцæ хумæтæг зæнхкосæгмæ, уомæн æма адæмон дзиллити 'хсæн æнцæ, сæ адæмæн, сæ фидибæстæн æцæгæйдæр устур кадæ ка искæндзæнæй куд искурдиадæгин поэттæ, хузæгæнгутæ æма æндæр исфæлдистадон архайгутæ, куд техникон æма наукон косгутæ, уæхæн лæхъуæнтæ æма кизгуттæ. Лæдæрун син кодта уой дæр, æма хумæтæги адæми 'хсæн фулдæр ке 'нцæ, æхсæнади ресагæдæр æма æнæмæнгæ лухкæнуйнаг фарстатæбæл арфдæр æма зæрдæресгæдæрæй ка гъуди кæнуй, уавæр фæррæвдзæдæр кæнунбæл хъæбæрдæр ка тухсуй, уæхæн адæймæгутæ. Миллерæн Иристони устур кадæ адтæй, уомæ гæсгæ ба агъазгæнгутæ дæр берæ адтæй, зæгъæн, ахурдзау биццеутæ хъæбæр байагъаз кодтонцæ æ ирон-уруссаг-немуцаг дзурдуат ку аразта, уæд, фæккастæнцæ имæ адæмон исфæлдистади уадзимистæ тæлмац кæнунмæ дæр. Миллер си уой туххæй хъæбæр боз адтæй. «Иристон син гъæуама сæ фæллойни туххæй армæй конд циртдзæвæн исæвæра», – финста е.**

**Всеволод Миллер ци æрмæгутæ æрæмбурд кодта æ иристойнаг балцити рæстæг, етæ хецæн киунугутæй дæр рацудæнцæ. Нæ номдзуд ахургонд Хæмицати Алексейи кизгæ Тамарæ, Всеволод Миллери исфæлдистадон бунтæ бамбурд æма барæвдзæ кæнгæй, 1998 анзи сæ рауагъта хецæн киунугæй «В горах Осетии», зæгъгæ, номи хæццæ.**

**Еци киунуги берæ текстæ æнцæ дигорон æвзагбæл, æма си мах абони еуцалдæр мухур кæнæн (текстти орфографи ниууагътан, киунуги куд æй, уотемæй). Мухур ба сæ кæнæн, Всеволод Миллери райгурдбæл 7 апърели финддæс æма астинсæй анзи (1848-1913) ке исæнхæст æй, уой фæдбæл.**

## КУВД

Хуцау! Табу дæуæн, Хуцау! Нæ дуйней Скæнæг! Нæ кувд дæуæн æхцæуæн фæууæд, æма нæ гъæуай кæнæ али фидбилизæй. Микалгабуртæ, дæуæн æхцæуæн фæууæд. Дæубæл фæдзæхст ан, æма нæ дæ дæлбазур бакæнæ, седзæрти. Коми дзиуæрттæн барст фæуæд: Уаскергийæн барст фæууæд; Коми Уаскергийæн æхцæуæн фæууæд; Хетæги Уаскергийæн æхцæуæн фæууæд; дæ бунти ни ка цæуа, уой багъæуай кæнæ. Санибайæн барст фæууæд, Санибай Уаскергийæн барст фæууæд; Арви коми дзиуарæн æхцæуæн фæууæд; Кенгу Уаскергийæн барст фæууæд; Тæтæртуппæн барст фæууæд; Хуари Уацеллайæн барст фæууæд; ке байтауæн, уой нин сæрæгасæй бахуæрун кæнæ æма нæ хуаргъæуагæ ма фæккæнæ. Алаурдийæн барст фæууæд. Идардмæ дæмæ ковдзинан, хæстæгмæ нæмæ ма æрцо æма нæ незæй багъæуай кæнæ. Никколайæн æхцæуæн фæууæд нæ кувд, æ Бунати Хецауæн æхцæуæн фæууæд; Сæризæдæн барст фæууæд. Хонхæй будурæй кæми ци рохс дзиуæрттæ йес, уонæн сенхуæцемæн дæр барст фæууæд.

Уотæ ма ци дзиуарæ загътайдæ: «Мæ ном мин ку æримистайдæ», – уомæн ба никкидæр æхцæуæн дæр фæууæд. Æз ковун нæ зонун: ковун ци Хуцау зонуй, йеци Хуцау, ду мæ бæсти сковæ!

– Уоммерæ! Ке ном иссердтай æма ди ка феронх æй, уонæн се 'нккæтей хуарзæнхæ аци игъосгути фæууæд.

## ТУККАЙ РУН

Еу аст анзи мæбæл цудæй, уæд æрбауадтæн будурæй мæ фиди фиди цормæ æма ин зæгъун:

– Ацци, нуртæккæ еу хелагæ æрбамардтон æз.

– О Хуцау дин ма бакома, цæмæн æй рамардтай?– зæгъгæ, мæбæл фæгъгъæр кодта.

– Ци кæнуй, лæгъуз ку æй хелагæ? – зæгъгæ 'й фæрсун.

– Нур куд некæд фегъустай, нæ муггагæн хелагæ марун куд не 'нгъезуй, уой? Мах уомæн алли анз кувд кæнæн, лæгъуз, ду ба 'й маргæ кæнис.

– Цæмæн, – зæгъгæ, бабæй æй фæрсун.

Ацци ниуолæфтæй хъæбæр æма мин загъта:

– Æрбадæ атæ мæ цори, æза дин æрдзубандитæ кæнон. Раги, æз дæр нæбал æрийиафтон йеци дзæбæх рæстæг. Туккатæ сæ бæрцитæбæл ма ку адтæнцæ, уæд еунæг хæдзарæй ранæхстæр æнцæ гъазгæ-ходгæ дууадæс æрвадтæлтæ, се 'фсапæ æртиндæсæймаг; ракæсгæй сæмæ лæги зæрдæ ирадæй. Исцудæнцæ сæ хуасгæрцæмæ æма кæрдунтæ байдæдтонцæ; уотемæй ци ракарстонцæ, Хуцау зонуй. Еу бон кæми адтæй, уоми ба стур сехуар афони æррастæнцæ фæззæги заргæнгæ сæ уосонгæмæ сехуар кæнунмæ. Йеци бон Хуцау æнтæф бон искодта, 'ма куддæр æрбадтæнцæ, уотæ се 'фсапæмæ фæдздзурдтонцæ, æма син къосæй уæрас дæдтун байдæдта радугай. Куддæр раниуазтонцæ фæйнæ къоси, уотæ фæйнердигæй гъæр кæнун райдæдтонцæ: «Уæу, мæ артæнтæ лухтæ кæнунцæ!» Уотемæй минги сахат ку рацудæй, уæд и дууадæс дæр сæ уодтæ исистонцæ. Се 'фсапæ ка адтæй, йе ба нæма баниуазта 'ма уонæмæ ку 'ркастæй, уæд никкудтæй: «Уо Хуцау, дæуæн табу! Æдта айæ ци фидбилиз адтæй, мæ къохæй син ци уæрас равардтон, йейæ син марг ку фæцæй». Уой фæсте бацудæй уæраси гæбæтмæ æма дзи къоси дзаг рауагъта: уой бал уотæ зæнхи ниввардта, æхуæдæг ба гæбæти ком фехалдта 'ма уæрас зæнхæмæ ку рауагъта, уæд дин и уæраси хæццæ зæнхæмæ æрхаудтæй сау устур хелагæ. «Мæнæ куййи марг, – зæгъгæ, загъта уой ку фæууидта, уæд.– О уæууæй! Гæбæти къум ку нæ ниббастон, æма мæ лæгъуздзийнадæй мæгур адæми ку фæццагътон; йетæ кæми нæбал æнцæ, уоми мæнæн дæр мæ мæлæт хуæздæр æй». Уотемæй райста уæраси къос, æма 'й баниуазта æ бунтæй æма де 'знаг уоййау ку фæууидæ – йе дæр рамардæй. Уотемæй, мæ хор, нæ фидтæлтæ еунæг бон æртиндæс марди бафснайдтонцæ 'ма уæдæй ардæмæ ба алли анз йеци бон кувдгæнгæ æрцудæнцæ. Мæнæ алли бон ци 'лгъист игъосис: «Туккай рун дæ фæххæссæд», зæгъгæ, йе дæр уæдæй ардæмæ 'й. Нур дæр мах алли анз йеци кувд ку кæнæн байронх дæ? Кæд нæ Хуцау хезидæ йеци фидбилизæй; мæнæ косарт ку никкæнæн æма, нæлгоймагæй нæмæ ка йес, йетæ æхсæрфæмбæлтти хæццæ æндæмæ ку рацæуæн æма уоми ку сковæн.

– Æндæмæ ма уæд цæмæн фæццæуæн? – зæгъгæ 'й бафарстон.

– Уомæн æма æндегæй мард фæцæнцæ, хелагæ дæр æндегæй æй, 'ма ин мах дæр æндегæй баковæн.

Нигъгъосæй Ацци, фал æз ба хъæбæр исмæстгун дæн хелагæмæ 'ма фæгъгъæр кодтон:

– Амæй æндæмæ хъæбæрдæр ма сæ мардзæнæн, йетæ мах æрвадтæлти рамардтонцæ!

– Ма кæнæ, мæ уод, ма кæнæ, – зæгъгæ, загъта Ацци. – Хелæгтæ берæ 'нцæ, 'ма се 'нккæтей нæ рамардзæнæ, еу-дууæ си ку рамарай, уæдта иннети ба дæхемæ фудæнхæ кæндзæнæ; уойбæсти Хуцауæн, цит, балихстæ кæндзинан, цæмæй нæ сæ хуарзæнхæ уа, уой туххæй.

**Æртиккæги, 19 апърели бæрæггонд цæудзæнæй уæрæсейаг полиграфий Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони аци ахсгиаг къабази косгутæн сæ бæрæгбони фæдбæл.**

***факультетмæ бацæун...» Нæ иннæ номдзуд ахургонд-филолог ДЗАГУРТИ Губади ба уотæ дзурдта, гъома нæ маддæлон æвзагбæл финсун исахур æй Миллери «Осетинские этюды»-мæ гæсгæ, федарæй исфæндæ кодта фольклорист исун, Харькови университети ахур кæнгæй алли сæрди дæр æмбурд кæнидæ адæмон исфæлдистади уадзимистæ.***


ТУККАТИ Габуди

***Дзубанди дæр ибæл нæййес, Всеволод Миллер Иристонæн цæйбæрцæбæл берæ хуæрзти бацудæй, уобæл. Æма уомæ гæсгæ нæмæ бæрзонд цитгингонд æй, зæгъæн, Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу гъæунгтæй еуемæн æ рæстæги лæвæрд æрцудæй æ ном. Æцæг аци номдзуд ахургонди кой кæнгæй, куд не ’римисæн æ наукон-æртасæн хъазауатон кусти ин æновудæй ка агъаз кодта, уони рохс нæмттæ дæр. Уонæй еу адтæй ТУККАТИ Алексейи фурт Солæман (хеуæнттæ ’й худтонцæ Габуди, æма ’й адæм дæр фулдæр еци номæй зудтонцæ). Абони уой кой сæрмагондæй уомæ гæсгæ кæнæн, æма ин е ’рдзон искурдиадæ хъæбæр лæмбунæг æрæстæфтæй æма ’й æ карнæ уой фæрци аразунмæ фæрразæнгард кодта Всеволод Миллер, не ’мзæнхонæн æ цубур царди бонтæ дæр е исрохс кодта.***

***Уой фæдбæл æй нæ зундгонд ахургонд Гуриати Тамерлани дзубанди дæр – е кæддæр ци æрмæг бацæттæ кодта, уой кæсетæ идарддæр.***

### ХУАРЗИ КОЙ НÆ ИСÆФУЙ

Хъибизти (Туккати) Лидæ мин кæддæр ракодта мæнæ ауæхæн хабар. Цæветтонгæ, Габудий æнсувæри фурт Сергей Устур Фидибæстон тугъди фæсте ахур кодта Мæскуй энергетикон институти. Цардæй æмдзæрæни. Еууæхæни клуби е ’мбæлтти хæццæ гъазта æма еци дзамани уордæмæ бацудæнцæ æртæ лæги. Æрбацæугутæй еу уотæ исдзурдта:

– Ма мин æй зæгъетæ, ами Туккатæй ка ес, уой: æз æй мæхуæдæг базондзæнæн...

Лæг æ цæстингас лæхъуæнти къуарбæл рахаста æма комкоммæ Сергеймæ бацудæй:

– Мæнæ айæ æй Туккатæй!..

Уæдта Сергеймæ дзоруй:

– Ду Солæмани хузæн дæ.

Еци æнæзонгæ лæг разиндтæй Всеволод Миллери фурт Барис... Уой фæсте Барис æма Сергей цалдæр хатти фембалдæнцæ. Бариси хъæбæр фæндадтæй, Сергей идарддæр ку ахур кодтайдæ, аспирантурæмæ ку бацудайдæ, фал е æндæр над равзурста.

Æз мæхуæдæг дæр бустæги æнæнгъæлæги базонгæ дæн Всеволоди фурт Бариси хæццæ. Уæд æз ахур кодтон Мæскуй паддзахадон университети аспирантури. Еу бон гардероби размæ еу æнæзонгæ лæг æрбацудæй æма ин æ уæледарæс ласунмæ фæййагъаз кодтон, кæстæрæн куд федауй, уотæ. Лæг мин райарфæ кодта æма ранæхстæр æй. Уæдта фæстæмæ фæззилдæй æма мæ бафарста, ка дæн, уомæй. Æз мæхе байамудтон. Ирон дæн, уой ку базудта, уæд хъæбæр бацийнæ кодта. Æма мæ æ хæццæ рахудта. Еу аудиторимæ бацудан. Адтайдæ си æхсæз-авд студенти. Салам син равардта, уæдта дзорун райдæдта, мах адæми туххæй. Ирон адæми уотæ бæрзонд исиста, æма си æз мæхуæдæг хъæбæр фефсæрми дæн... Деси бацудтæн, мадта, зæгъун, цума аци ездон лæг ка уодзæнæй. Æ радзубандий кæронбæттæни лæг, мæнмæ райамонгæй, загъта:

– Мæнæ уин еци адæмæй еу!..

Аци æнæзонгæ лæг адтæй Всеволод Миллери фурт Барис, зингæ ахургонд. Мах ма уой фæсте дæр къуар хатти фембалдан æма мæбæл алли хатт дæр хъæбæр бацийнæ уидæ.

Ци дууæ имисуйнаги æрхастон, уонæй бæрæг æй, Барис æ курухон фиди фарнæ ке багъæуай кодта. Всеволод Миллер ирон адæммæ ци зæрдæ дардта, е байзадæй æ фурти уодигъæди дæр.

Сауæнгæ æ сабийбонтæй фæстæмæ Барис æмбалдæй, æ фидæн агъаз ка кодта, лимæнæй ке хæццæ цардæй, уони хæццæ æма уони хузæн ирон лæгти хæццæ, сæ адæмбæл ка тухстæй, æ исонибони нæдтæбæл ин си ка сагъæс кодта, дзилли хуарздзийнадæн ка цардæй.

Уони рохсæй махæй алкедæр хайгин æй. Æма уомæ гæсгæ ба ихæсгин ан, ци гæнæн æма амал ес, уомæй архайун, цæмæй сæ зононцæ нæ адæми нури, уæдта ма нæ фæсте ка исæнтæстдзæнæй, еци фæлтæртæ дæр. Уадзæ æма сæ нæмттæ цæронцæ æностæмæ!..

# «ФÆНДАДТÆЙ МÆ ЕУГУРЕМÆН ДÆР ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУН...»



**НОМЕРÆН**

**ГУРИАТИ Тамерлан**
(1929-2016),
филологон наукити доктор, профессор

### ЦРДИ АМОНДБÆЛ АРХАЙГÆЙ ÆХУÆДÆГ БА СИ ФЕНÆХАЙ ÆЙ...

Туккати Солæман (хæдзари номæй Габуди) Алексейи фурт райгурдæй 1857 анзи 16 декабри Киристонгъæуи. Кæд æ мадæ æма æ фидæ хумæтæги гъæуккаг цæргутæ адтæнцæ, уæддæр сæ уодæй арт цагътонцæ, цæмæй сæ цæуæти ахури надбæл æрæвæронцæ. Хæдзари хецау дардта биндзитæ, æ бон куд адтæй, уотæ агъаз кодта æ цæуæтæн. (Биндздаруни гъуддагмæ фæстæдæр Габуди е ’ргом раздахта, уомæн æма æ сабийбонтæй фæстæмæ лæдæрдтæй уомæн æ пайда). Габуди каст фæцæй райдайæн скъола æма ’й идарддæр ахур кæнунмæ рарвистонцæ Дзæуæгигъæуи реалон скъоламæ. Уой каст ку фæцæй, уæдта рандæй Петербурги Гъæди институтмæ ахур кæнунмæ. Фал зæрдæргъæвд бицеуæн е ’нæнездзийнадæ фæккиудтæй æма ин уоми цæрæн нæбал адтæй. Раййивта Мæскуй гъæууонхæдзарадон æма гъæди академимæ. Е адтæй 1880 анзи. Фиццаг ахур кодта гъæдикустгæнæн хайади, уæдта ’й æхе курдиадæмæ гæсгæ раййивтонцæ гъæууон хæдзаради хайадæмæ. Академи каст фæцæй 1885 анзи æма идарддæр ба косун райдæдта æ дипломон кустбæл. Еци дзамани уæхæн фæткæ адтæй: теоретикон къурси фæсте студент гъæуама рандæ адтайдæ практикæмæ, æма æ зонундзийнæдтæй бæлвурд кусти пайда кæнгæй гъæуама финстайдæ дипломон куст.

Устур зиндзийнæдтæ бавзурста Габуди практики рæстæги. Æ нез дæр æй уæлæмæ искæсун нæбал уагъта, фал уæддæр æ гъуддаг кæронмæ рахъæртун кодта æма ин 1886 анзи равардтонцæ куст Мæскумæ хæстæг рауæни. Косгæ кодта инспекторæй. Минкъий фæстæдæр æй раййивтонцæ косунмæ Мæскумæ. Уæдмæ ибæл æ рæугути нез карздæр кодта, лæхъуæн ахидæй-ахиддæр сæйгитæ кодта. Æма æхе исдзæбæх кæнуни туххæй Габуди 1887 анзи иссудæй Кисловодскмæ. Ами дохтиртæ исбæрæг кодтонцæ, Габудий рæугутæ хъæбæр сахъат ке адтæнцæ, уой. Уой туххæй финста æхуæдæг дæр Всеволод Миллермæ. Дохтиртæ ин бæргæ дзурдтонцæ, денгизи билæмæ ескумæ фæццо, дæ нез хъæбæр тæссаг æй, зæгъгæ, фал уомæн ба устур æхцатæ гъудæй æма ин æхемæ фæккæсунæн фадуат нæбал адтæй. Уотемæй дæр еудадзуг хуæрдæгъæуагæ æййафта æма бустæги исæнæхъаурæ ’й. Æхуæдæг Всеволод Миллермæ куд финста, уотемæй æй думгæ æ еунæг уотид æрбадумдæй дæр рахъан кодтайдæ.

Габудий бæргæ фæндадтæй Дзæуæгигъæуи косун (уæддæр æ райгурæн бæстæ), фал æй æ разамунд цæмæдæр гæсгæ Армавирмæ рарвиста. Æма уобæл дæр цийнæ кодта: фадуат ин фæцæй сæхемæ ахиддæр цæун.

Еууæхæни Габуди гъуддаги фæдбæл балций рандæй, æхе нæ багъæуай кодта, исуазал æй, æма ’й рæугути нез уой фæсте нæбал исуагъта. Профессор Кокити Геуæрги сæрмагондæй æрдзубанди кодта Габудий цардвæндаг æма исфæлдистадæбæл. (Æ финститæй ин æз дæр испайда кодтон). Габуди уоййасæбæл ку æрсæйгæ ’й, уæд имæ æ хуæрæ Аннæ æма æ сиахс Уруймæгти Сандир рандæнцæ, уодæгасæй ма ’й сæхемæ бæргæ исластонцæ, фал... Нæ Иристони разагъди лæг 1890 анзи 29 мартъий æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй.

### ИССÆЙ УСТУР АХУРГОНДÆН Æ ХУÆЗДÆР АГЪАЗГÆНГУТÆЙ ЕУ...

Рагон æгъдæуттæ æма таурæхътæ... Адæмæй еуæй-еу хатт феронх унцæ, абони бонмæ рагон таурæхътæ æма æгъдæуттæ ке фæрци æрхъæрдтæнцæ, ка сæ багъæуай кодта, ка сæ ниффинста, ка са рауагъта, уони нæмттæ. Аци гъуддаги архайдтонцæ ахургæндтæ дæр. Уонæй еуæй-еуетæ æнцойнæ кæнунцæ, зæгъæн, В.Миллери куститæбæл, фал Миллерæн æрмæг ка равардта, етæ ба иронхуати райзайунцæ, уомæ гæсгæ ба гъæуама еуетæн дæр æма иннетæн дæр аккаг бунат уа æма аккаг аргъгонд цæуа. Уой равдесуни туххæй æрхæсдзæнæн цалдæр дæнцæни.

...Бæхфæлдесæни æгъдау æма уой хæццæ баст кæндитæ недзаманти берæ адæмтæмæ адтæнцæ. Фал, еци рагон æгъдау нæ фидтæлтæ куд багъæуай кодтонцæ, уотæ ’й неке багъæуай кодта. Иннæ адæмтæ ’й æригъосгæй зудтонцæ, мах адæми царди ба хуæрзæрæги уæнгæ дæр ма адтæй æ тухи. Зингæ ахургонд профессор Виденгрен цæмæдесæй финста уой туххæй. Мадта дуйней тæккæ нимаддæр фольклористтæй еу, номдзуд францусаг ахургонд Дюмезиль дæр æ наукон кустити еу æма дууæ хатти не ’спайда кодта рагон ирон бæхфæлдесæни æгъдауæй.

Ахургæндти хъæбæр устур деси бафтудта еу гъуддаг: куд багъæуай кодтонцæ ирон адæм бæхфæлдесæни фæткæ недзамантæй нурмæ? Раздæр куд загътон, уотемæй еци æгъдау индоевропаг æма æндæр адæмтæмæ дæр адтæй, фал æй етæ феронх кодтонцæ. Нæ рагон фидтæлтæ аци гъуддаги консервативондæр уомæн разиндтæнцæ, æма сæ царди зингæ фулдæр æууæлтæ байзадæнцæ, сауæнгæ скифти дзамани куд адтæнцæ, уотемæй. Нæ адæм сæ сæ цардиуаги фæлтæрæй-фæлтæрмæ гъæуай кодтонцæ, бундорон æййивддзийнæдтæ си нæ цудæй, уотемæй.

Всеволод Миллер финста, зæгъгæ, бæхфæлдесæни фæззелæнтæ æма ин уой бæлвурддзийнæдтæ радзурдта Туккати Солæман, зæгъгæ.

Ирон мифологий ахсгиаг бунат байахæста Руймони таурæхъ. Уой дæр мах абони бони зонæн Габудий фæрци. Зин зæгъæн æй, Габуди ку нæ ниффинстайдæ аци таурæхъ, уæд ма ’й еске гъуди кæнидæ æви нæ. Никкидæр ма еу фольклорон уадзимиси кой искæнæн. Е æй, Габуди ке ниффинста, еци рæсугъд таурæхъ – «Биндзитæ куд рантæстæнцæ Дигори».

В. Миллер лæмбунæгæй равдиста, нæ рагфидтæлтæ уæларвон дуйней арæзт куд лæдæрдтæнцæ, уой. Аци лæмбунæг æрмæг дæр исирæзтæй Туккати Габудий фæрци. Ниффинста фондз адæмон аргъауи, цуппар кадæнги, къуар таурæхъи, æндæр фольклорон æрмæг... Аци дæнцæнтæй бæрæг æй, номдзуд ахургондæн Габуди устур агъаз ке бакодта, е. Амондгун адтæй Габуди, В. Миллери хæццæ æ хъисмæт ке исбаста, уомæй. Амондгун адтæй В. Миллер дæр, Туккати Габудий хузæн агъазгæнæг ин ке адтæй.

Габуди ниммухур кодта къуар уадзимиси аллихузон фарстатæбæл. Уонæй еу адтæй, абони ахургæндтæ се ’ртасæн кусти кæмæй пайда кæнунцæ, еци историон-этнографион уадзимис.

Раздæр дзубанди рацудæй, Габудий фидæ муддар адтæй, зæгъгæ. Мадта Габуди æхуæдæг дæр муддаруни кустмæ æ гъос ке дардта, е æ финститæй бæрæг æй. Мах адæммæ цæрунæй-хуæрунмæ мудибиндзитæ даруни куст кадгин гъуддагбæл нимад адтæй.

Туккати Валоди æма мин Лидæ кæддæр куд радзурдтонцæ, уотемæй Габудий фæстаг зæгъдтитæ адтæнцæ æ адæми карни хæццæ баст. Тухамæлтти ма исдзорун бафæразта:

– Бæргæ мæ фæндадтæй фæййагъаз кæнун... айдагъ сумахæн нæ, фал нæ адæмæн, мæ уарзон Иристонæн...









**Всеволод Миллери фурт Барис (1877-1956), куд советон иранист, уотæ æнтæстгинæй идарддæр æнхæст кодта æ фиди наукон гъуддæгутæ: иссæй филологон наукити доктор, Мæскуй паддзахадон университети профессор.**

**Цуппæрæни, 20 апърели бæрæггонд цæудзæнæй тогдæттæги (донори) Национ бон. Цитгинæй æй исбæрæг кæнæн, уомæн æма донæрти лæггадæ нæ еугуремæн дæр ахсгиаг æй!**

***Уæрæсей Национ гвардий æфсæдти федералон службi цæгатирi-стойнаг управлений адтæй патриотон акци «Финстæг æфсæддонмæ». Гимнази «Диалог»-и ахурдзаутæ æма æфсæддонти цæуæт ниффинстонцæ хузти хæццæ арфи финстæгутæ æма сæ рарвистонцæ абони сæрмагонд тугъдон операций ка архайуй, еци тугъдонтæмæ.***





Абрил АБДУЛЛАЕВ

# Æ ЦÆВÆГ ГЪÆСТÆЙ КА ДАРУЙ, УЕС ХÆССУН ДÆР Е ФÆРАЗУЙ!..

Паддзахадон Думæ æркæсуйнаг æй, Уæрæсей æфсæддон службæмæ агурд ка цæудзæнæй, уони карæ къæпхæнгай фæффулдæр кæнуни тухxæй закъони проект.

Уоми куд амунд цæуй, уотемæй иннæ анз фæдздзурди исуйнаг æфсæддонти карæ уодзæнæй 19 анземæй 30 анзей уæнгæ, 2025 анзи – 20 анземæй 30 анзей уæнгæ, 2026 анзи 1 январæй фæстæмæ ба – 21 анземæй 30 анзей уæнгæ.

Фæдздзурди карæ 21 анземæй æма уомæй фулдæрей уæнгæ ке фæббæрзонд-дæр кæндзæнæнцæ, уой нæ нимайгæй, ке бафæндæуа, еци лæхъуæнтæн сæ бон уодзæнæй фæдздзурдмæ гæсгæ æфсæддон службæ æнхæст кæнунмæ æстдæсанздзудæй цæун.

Аци æма æфсæддон æндæр гъуддæгути хæццæ баст фарстати фæдбæл цудæй дзубанди, нæ республики æфсæддон комиссари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Абрил Абдуллаевæн** æрæги журналистти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми. Фиццагидæр лæмбунæгæй радзурдта нури, 2023 анзи æфсадмæ фæдздзурд куд цæуй, уой фæдбæл. Куд загъта, уотемæй уалдзигон фæдздзурд алли анз дæр райдайуй 1 апърели æма фæццæуй 15 июльмæ. Идард Цæгати цæргутæ æма ахургæнгутæн еци фæдздзурди æмгъуд райдайуй еу мæйæ фæстæдæр – 1 майи.

Уæрæсей Федераций Президенти Указмæ гæсгæ аци анз æфсади службæ кæнунмæ гъæуама агурд æрцæуонцæ 147 мин адæймаги, фарæ уалдзигон фæдздзурди сæ бæрцæ адтæй 133,5 мин адæймаги, фæззæги ба айдагъдæр 120 мин адæймаги. Хонсайраг æфсæддон зилди хецауади амунддзийнадæмæ гæсгæ нæ республикæн уалдзигон фæдздзурди рæстæг нисангонд æрцудæй 900 адæймагемæ фæдздзорун. Уонæй 130 ахур фæцæнцæ ДОСААФ-и техникон шофери дæсниадæ. Е нуртæккæ æй ахсгиаг æфсæддон дæсниадæ, æма æрвист æрцæудзæнæнцæ Хонсайраг æфсæддон зилди хайæдтæмæ. Фæдздзурди гъуддæгутæ æнхæстгæнæг къамистæ косун райдæдтонцæ 3 апърели æма косдзæнæнцæ къуæре фондз бони, æдеугурæй фæдздзорд-зæнæнцæ 7204 адæймагемæ.

**– Нури уалдзигон фæдздзурдмæ ка хауй, уонæн сæ карæ фулдæргонд æрцæудзæнæй?**

– Аци анзи уалдзигон фæдздзурди фæсевæди карæ фулдæргонд не 'рцæудзæнæй, нисангонд куд æй, уотемæй æфсадмæ агурд цæудзæнæнцæ 18-27 анзей кари фæсевæд. Етæ еугурæйдæр, æнæмæнгæ, рацæудзæнæнцæ медицинон къамис. Фæсевæди карæ 21-30 анзей уæнгæ фулдæргонд фæззæгæй раздæр не 'рцæудзæнæй. Никки ма гъæуайкæнуйнади Министрадæ нисан кæнуй Гæрзефтонг тухти нимæдзæ 1 миллионæй 1,5 миллионей уæнгæ фæффулдæр кæнун. Уонæй се 'мбеси бæрцæ, 695 мин адæймаги гъæуама уонцæ контрактниктæ.

**– Аци анзи уалдзигон фæдздзурдмæ гæсгæ æфсадмæ æрвист ка 'рцæудзæнæй, етæ си цæйбæрцæ фæуууодзæнæнцæ, сæ службi бæрцæ дууæ анзей уæнгæ нæ фæффулдæр уодзæнæй?**

– Æмгъудмæ службæ рахæсдзæнæй 12 мæйи, 2023 анзи уалдзæг æма сæрди седтонтæ сæхемæ æрæздæхдзæнæнцæ 2024 анзи уалдзæг æма сæрди æфсадмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, етæ. Паддзахадон Думи депутаттæ ноябри мæйи иситинг кодтонцæ службi æмгъуд дууæ анзей уæнгæ фæффулдæр кæнуни фарста, фал гъæуайкæнуйнади Министрадæй уой тухxæй нерæнгæ нециуавæр унаффитæ 'рбацудæй.

**– Æмгъуд æргъæвд æма æфсадæй исуæгъдæ кæнуни барæ 2023 анзи уалдзигон фæдздзурди рæстæг лæвæрд кæмæн уодзæнæй?**

– Æфсади рæнгъити службæмæ æригон адæмæй бæзгæбæл нимад нæ цæудзæнæнцæ незгун ка уа æма се 'нæнездзийнадæмæ гæсгæ си уæхæн равгæ кæмæн нæ уа, етæ, уæдта бийнонтæгин уогæй си дууæ æма фулдæр æнагъон сувæллони кæмæн уа, етæ, æртæ анзей уæнгæ инвалид сувæллон гъомбæлгæнæг; еунæг фидæ кæмæн уа; 26 къуæрей уæнгæ æнгъæлдзау силгоймаги хæццæ къайадæ кæмæн ес, уæхæн нæлгоймаг, фæккæсуйнаг хæстæгутæмæ кæсгутæ; зæронд нийййергутæбæл аудгутæ.

**– Кæми службæ кæндзæнæй аци анзи æвзонг æфсæддон?**

– Фари фæззигон фæдздзурди рæстæг командæгæнгутæ фегъосун кодтонцæ, æвзонг æфсæддонтæ ке нæ архайдзæнæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций, уой. Нур дæр етæ æрвист æрцæудзæнæнцæ бæсти æндæр регионти æфсæддон хæйттæмæ – нæуæг регионтæй фæстæмæ.

Гъæуайкæнуйнади Министради амонунцæ, зæгъгæ, æригон æфсæддонти цæттæ кæнуни мадзæлттæ хуæздæрæй-хуæздæр æма ахедгæдæр кæнунцæ, сæрмагонд æфсæддон операций фæлтæрддзийнадæ æма нæуæг техникæ, уæдта нæуæг тохæндзаумауи фæззинд равгитæй парахаттæй пайдагонд ке цæуй, уомæ гæсгæ.

Медицинон къамиси фæсте æригон æфсæддонти рарветдзæнæнцæ фестæг æфсад, уæлдæфон-космосон тухтæ, æфсæддон-денгизон флот, стратегион нисанеуæги ракетон æфсæдтæ, уæлдæфон-десантон æфсæдтæмæ. Скъолай ахургæнгæй, ДОСААФ-и профессионалон дæсниадæ ка райста, кенæ шофери бартæ кæмæ ес, уонæн иннетæй фулдæр фадуат уодзæнæй æфсæддон хайии хузæ æвзарунæн.

Уомæй уæлдай, æригон æфсæддонтæн сæ бон æй альтернативон службæ кæнун, уордæмæ бахаун сæ бон æй уæрæсейæгтæй сæ дини æма этикон зундирахастмæ гæсгæ Гæрзефтонг тухти рæнгъити службæгæнæн кæмæн нæйиес, уонæн сæ еугуремæн дæр.

**– Куд бахауæн ес контрактон службæ кæнунмæ?**

– Нисангонд куд цæуй, уотемæй контрактон службæмæ бацæуни равгæ ес, æфсадмæ фæдздзоруйнаг кæмæ 'нцæ, уонæн фæдздзурди фиццаг бонæй фæстæмæ. Етæ фиццаг цуппар мæйи ахур кæндзæнæнцæ се 'фсæддон дæсниадæбæл, айдагъдæр уой фæсте æрвист æрцæудзæнæнцæ æфсæддон службi бунатмæ. Нæуæг уагæвæрдти федаргонд нæма æрцудæнцæ, фал Паддзахадон Думи куд нимайунцæ, уотемæй сæ исфедар кæндзæнæнцæ аци анз.

**– Ци æма куд кæнгæ 'й фæдздзурди гæгъæди дæмæ ку 'рбацæуа, уæд?**

– «Æфсæддон ихæс æма æфсæддон службi тухxæй» №53-аг закъонмæ гæсгæ фæдздзурди гæгъæди, æнæмæнгæ, раттун гъæуй ке номбæл æй, уой къохмæ æма е æ райсуни тухxæй гъæуама æ къох ниввæра. Уоми амунд цæуй, е кæд æма кумæ гъæуама æрбацæуа, еци адрес. Фæдздзурди гæгъæди дæттуй кенæ æфсæддон комиссаради косæг, ахури кенæ кусти организаций æнхæстбаргин минæвар. Фæдздзурди гæгъæдий райсти тухxæй æ къох ку æрфинса, кæмæ æрвист адтæй уой хеуон, синхаг кенæ æндæр æцæгæлон адæймаг, уæд гæгъæдийæн исæфуй æ юридикон тухæ.

**– Æфсæддон службæй æхе еуварс ласунвæндæ ка искæна, етæ куд æфхуæрд цæудзæнæнцæ?**

– Фæдздзурди гæгъæди райсгæй, æнæрайсуни рæуонæй гражданин æфсæддон комиссарадæмæ ку нæ фæззинна, уæд нимад цæуй æхе æфсæддон службæй еуварсгæнæгбæл æма ин закъонмæ гæсгæ лæвæрд цæуй рагфæдзæхст кенæ административон ивар 500 сомемæй 3000 уæнгæ. Зæгъæн, Алагири районы фæдздзурди уагæвæрдмæ гæсгæ 50 адæймагей байагурдтонцæ, уонæй цуппар нæ фæззиндтæнцæ, гæгъæди нæмæ нæ равардтонцæ, зæгъгæ, рæуонæй. Нуртæккæ æфсæддон комиссарадæ æмбурд кæнуй гæгъæдитæ еци цауи фæдбæл æма лæвæрд æрцæудзæнæнцæ Алагири слестгæнæг комитетмæ.

**– Æфсадмæ цæуйнаг ка 'й, уонæн сæ хæццæ ци ес райсæн æмбурдгæнæн пунктмæ?**

– Æмбурдгæнæн пункти седтонæн лæвæрд цæуй сезонмæ гæсгæ зуймон, сæрдигон уæледарæс æма къахидарæс, уæдта медæггæгтæ. Еугур еци дзаумæуттæ æнæмæнгæ гъæуама уонцæ æхе аккаг. Гæнæн ес, кънопкæгин дзиппидаргæ телефон æнæ видеокамерæй æма симкартитæ рахæссæн. Еугур иннæ гъуддæгутæ, уони хæццæ хуæруйнаг дæр, фиццаг бонæй фæстæмæ лæвæрд цæудзæнæнцæ бунати.

* * *

Нæ рагфидтæлтæ уотæ дзориуонцæ: «Æ цæвæг гъæстæй ка даруй, уес хæссун дæр е фæразуй!..» Махмæ гæсгæ, аци загъд фæдзæхсти хузи нин нури рæстæгути дæр бабæззидæ берæ рауæнти, уой хæццæ ба нæ паддзахади æдасдзийнади хæццæ баст фарстатæ аразгæй. Еци фарстати сæйрагдæртæй ба еу æй нæ Гæрзефтонг тухти гъомусадæ тухгинæй-тухгиндæр кæнун. Æма е аразгæ ба 'й адæмæн сæхецæй, уой рæнгъитæмæ нифсхастæй æрлæуунмæ нæ фæсевæди разæнгард кæнгæй.

## НОМДЗУД ÆФСÆДДОН АРХАЙÆГИ ФÆДЗÆХСТ



**ХЕТÆГКАТИ Геуæрги (1903-1975), æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр:**

– Æфсад, уой æгъдæуттæ æма фæткитæ рæстуодæй уарзунбæл æригæнтти æхцул кæнун æй алли хецауи табуйаг ихæс. Адæймаги тугъдонæй исгъомбæлгæнæн нæйиес, нæ Гæрзефтонг Тухти намусгин евгъуди хабæрттæмæ æргом не 'здахгæй. Æригон æфсæддон æ уоди æма бауæри хъауритæ æнæгъæнæйдæр харз кæнгæй, æ зин æфсæддон гъуддаг уарзгæй æма сæрустурæй араздзæнæй, хестæр фæлтæрти намуси эстафетæ ке райста æма 'й ке хæссуй, уой æнхæстæй ку балæдæра, айдйгъдæр уæд...

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **950**. Заказ **№ 782.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 13.04.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 13.04.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**